Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 9 (6641) 18 февраль 2019 с. Итни Жумадул ахир 1440 с. Багьа - эркенаб


БАРКИ

## Нилъ – бараб ахIулъги ахIараб болъги

### Афгъаналъулазда баркула

**Щибаб соналъул февралалда кIодо гьабула 1989 соналъул 15 февралалъ Афганистаналдаса советиял аскарал нахъе рачараб къо. 10 соналъ халат бахъана Афганисталалда рагъ.**

Интернационалияб налъи тIубазе гьенире ритIарал Бакълъулазул районалдаса гIолохъабазги гIахьаллъи гьабуна Афгъанистаналда рагъулал тунка-гIусиязда. БахIарчилъи ва къо-хIехьей бихьизабуна гьез. 15 февраль лъугьана гьеб рагъда камурал васал ракIалде щвезарияльул кьолъун гуребги, Афгъанистаналда бахIарчиго рагъулаб ва гражданлъиялъулаб налъи тIубазабурал гIолохъабазе рецц-бакъ гьабулеб къолъунги. Нилъеда киданиги ракIалдаса инаро Афгъанистаналда къадаралде щваравАргъванисаМухтарахIмад КъурамухIамадов.

РакI-ракIалъ баркула Афгъанистаналдаса аскарал нахъе рачаралдаса 30 сон тIубай. Гьарула гьениб рагъулал тунка- гIусиязда гIахьаллъаразе щулияб сахлъи, халатаб, баракатаб гIумру, хьизаналда талихI. Хъван батугеги гIолеб гIелалда нужеда бихьараб бихьизе, нужеца хIехьараб рагъул кьогIлъи лъазе.

Биччанте кидаго ракьалда рекъелги роххелги букIине!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## МугIалимзабазе – даража, больницаялъе – дараби ва лъим

### Лъайкьеялъул ва сахлъи цIуниялъул суалазул халгьабуна Бакълъулазул районалда

**11 февралалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана щибаб анкьилаб данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул вакилзаби ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

Районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас бицана арбагI къоялъ гIурус мацIалъул хIасилазулаб гара-чIвари гьабиялъул, ЕГЭ кьеялде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул, рагъулаб реццалъул къоялда хурхун школазда батIи-батIияв тадбирал тIоритIиялъул, мугIалимазул семинарал ахIиялъе ДИРОялъулгун къотIи гьабун букIиналъул.



«Араб анкьалъ административияб комиссиялъгун цадахъ нижеца 11 лъайкьеялъул учреждениялда плановияб халгьаби тIобитIана, лъабго школалда рагIалде бахьана хIисаб гIелмуялъул тIолгороссиялъул халгьабиялъул хIалтIи», - ян абуна Рамазан МухIамадовас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бицана централде 280 гIарза бачIанин ва гьездасан 169 тIубанин.

Бакълъулазул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас абуна Афгъанистаналдаса советиял аскарал нахъе рачаралдаса 30 сон тIубаялъе сайгъат гьабураб теннис ва футбол хIаялъул турнир тIобитIанин Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас тIадчIей гьабуна лъедалъун ва дарабаздалъун хьезариялъулъ цоцо гIунгутIаби рукIинальда, гьабсагIат больницаялда 64 чи сах гьавулев вукIиналда.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас хIалтIул анкьалъул хIасилал гьаруна ва киназдего хитIаб гьабуна хIасилал лъикIал щвеялъе гIоло хIаракаталда хIалтIизе. Гьоркьор лъурал суалазда дандрекъон кколел тIадкъаялги кьуна.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ХIАСИЛАЛ ВА ХIИСАБАЛ

## Федералияв ва республикаялъул программабаздаса пайда босиялъул суал

### 2018 соналъул хIисабкьеялъулаб данделъи тIобитIана

**Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIараб хIисабкьеялъулаб данделъиялда хIасилал гьаруна араб соналъ гьабураб хIалтIул ва цере лъуна муниципалитет 2019 соналъ цебетIеялъе масъалаби.**

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Малик Маликов, райадминистрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереев, учреждениязул нухмалъулел, батIи-батIияв ведомствабазул специалистал, муниципалиял хъулухъчагIи ва цогидалги. Араб соналъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулез. Гьез гьединго тIадчIей гьабуна гьаб соналъ щибаб магIишатияб бутIа цебетIезабиялда хурхун тIуразе



кколел масъалабазда.

МухIамад Хьарагишиев кIвар кьун гIенеккана щивасул докладалъухъ, рихьизаруна лъикIал-квешал рахьал, церетIеял ва гIунгутIаби. Гьединго суал лъуна хIалтIи плановияб кьагIидаялъ тIубазабеян, ракIалде щвезабуна проектнияб управлениялъул кIвар буголъи, пикру буссинабуна районалда федералиял ва республикаялъулал программаби гIумруялде рахьинаризе ккеялде ва гьединал проектазда гIахьаллъун муниципалитет цебетIезабиялъе гIоло хIаракатчилъи борхизабизе ккеялде.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



ГIахьушир щварал шапакъатал

-2 гьум.



Афгъаназул рагъ лъугIаралдаса 30 сон сверана

-2 гьум.



9389 хъулухъ тIубазабуна

-3 гьум.



Нухмалъулезда цIар чIваялъул масъала

-4 гьум.

ПОЧТА – ХАЛКЪАЛЪЕ ХЪУЛУХЪАЛДА

# 54 чияс счет рагьана

## ХIалтIулеб буго «Почта – банк»

**«Россиялъул почта» ФГУ-Палъул филиаллъун кколеб Шамилхъалаялъул почтамталъул отделениял руго Бакълъулазул районалда. МелъелтIа бугеб отделениялда рагьун буго «Почта – банк». Гьелъул хIакъалъулъ гьадин бицана МелъелтIа почалъул отделениялъул нухмалъулей АлхIанат МухIамадовалъ:**

«Лъабго моцI буго районалъул централда «Почта-банк» рагьаралдаса. ГIадамазе кIудияб санагIалъи буго гIарац счетги рагьун гьениб лъезеги, кьваригIараб мехалъ нахъе босизеги. Счет рагьизе рес буго 18 ва тIадехун сонал рарал гIадамазул. Паспорт босун почалъул отделениялдеги вачIун, хасал документал цIезарун, «Мир» карточка кьола счет рагьарасе. Гьел кьола счет рагьулесул тIад цIар хъванги, гьеб хъвачIогоги.

Реквизитал ва цIар тIад хъвачIеб пластиковияб карта чIобого кьола счет рагьараб кьоялъго, тIад цIар хъвараб карта кьола, 300 гъурущалде счет рагьун, кIиго анкьидасан «Почта – банкалъ» ва гьеб хIадурараб мехалъ лъазабула.

Гьанжеялде 54 чияс счет рагьана. «Почта-банкалдаса» гIарац босизе бегьула цогидал банказда гIарац лъурал карталъ баздасанги. Гьединго рес буго цоги банказул счетазде гIарац рехизе (пополнить счет). «Почта-банкалдасан» рехараб гIарац чанго минуталде щола. «Почта-банкалъул» хъулухъалдаса пайда босани ракIалда бухIиларо».

**Къурмагъиз ХIадисова**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# Рекери, кIанцIи...

## ТIадагьаб атлетикаялъул къецазда 150 цIалдохъан гIахьаллъана

**Афгъанистаналдаса советиял аскарал нахъе рачаралдаса 30 сон тIубаялъул хIурматалда, Бакълъулазул районалъул ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалда 10 февралалда тIоритIана тIадагьаб атлетикаялъул муниципалияб этап.**

Бакълъулазул районалъул 10 школалдаса 150 цIалдохъанас гIахьаллъи гьабуна гьениб. 2004 – 2005 ва 2006-2007 соназ гьарурал цIалдохъабазул кIиго батIияб группа букIана. Районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас бицана къецазул программаялда букIанин 60 метралъ рекери, рекерун гIебеде кIанцIи, торгIо рехи, 600, 800 ва 1000 метралъ рекери. Гьава-бакъалъул санагIат гьечIел шартIал ругеб къо бачIаниги, гьитIинал спортсменаз хIаракатчилъи, бергьенлъи босиялде гьира-шавкъ бихьизабуна.

Къецазда тIадегIанал хIасилал рихьизаруна физкультураялъул мугIалим Мурад МухIамадовасул нухмалъиялда МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз. Командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана гьезие. ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул физическияб культураялъул мугIалим Шамил Ибрагьимовасул нухмалъиялда къецазда гIахьаллъараб командаялъ кIиабилеб бакI, МелъелтIа аслияб школалъул физкультураялъул мугIалим ХIажи Мусаевасул воспитанниказ лъабабилеб бакI ккуна.



«Спорталъул машгъурал гIадатал, тайпаби цIигьариялъ – тIадагьаб атлетикаялъул къецал тIоритIиялъ хадубккунги районалда спорт цебетIезабиялъе, гIолеб гIелалъе унго-унгояб тарбия кьеялъе квербакъизе буго. Къецазул гIахьалчилъун вукIин – гьеб хIурматияб иш буго», - ян абуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас.

Къецазул хIасилал гьарун, призеразе кьуна дандрекъон кколел даражабазул медалал ва грамотаби. Муниципалияб этапалда бергьарал спортсменаз гIахьаллъи гьабизе буго республикаялъулал финалиял къецазда. Гьел тIоритIизе руго 2019 соналъул 25-26 маялда МахIачхъалаялда.

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

# Афгъаназул рагъ лъугIаралдаса 30 сон сверана

## Бакьулъ Гьарадирихъ столалда хIалеб теннисалъул ва футболалъул къецал тIоритIана

**Афгъанистаналдаса советиял аскарал нахъе рачаралдаса 30 сон тIубаялъул хIурматалда Бакълъулазул районалъул Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ тIоритIана столалда теннис хIаялъул ва футболалъул къецал.**

Спортивияб тадбир тIобитIана Гумбеталъул гIолилазул централъул хIаракаталдалъун «Сельсовет "Арадирихский"» росдал поселениялъгун цадахъ. Тадбир гIуцIиялъулъ ва тIобитIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Афгъанистаналда рагъул ветеран, Гьарадирихъ росдал маданияб ва хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев Багьавудин МухIамадовас.

Къецазда футбол хIаялъе тIоцебесеб бакI ТIаса Гьарадирихъа, кIиабилеб бакI Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул ва лъабабилеб бакI Бакьулъ Гьарадирихъа командабаз ккуна.



Столалда теннис хIаялъе тIоцебесеб бакIалъе МухIамад МуртазагIалиев, кIиабилеб бакIалъе АсхIабгIумар Мухтаров, лъабабилеб бакIалъе МуртазагIали МуртазагIалиев мустахIикълъана.

Бергьаразе Гумбеталъул гIолилазул централъ кьуна грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Дуца гьудулльун кквe квер гIатIидаб «Гумбет» газета

## 2019 соналъе «Гумбет» газеталъе учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъабаз подписка гьабиялъул баянал

| Учреждениял ва гIуцIаби | Редакциялдасан | Почалдасан |
|---|---|---|
| Райадминистрация | 13 | 1 |
| Маданияталъул центр | 22 | 1 |
| Налогазул инспекция | 3 | - |
| РайОНО | 10 | - |
| Ветуправление | 8 | - |
| Лъималазул творческияб рукъ | 2 | 1 |
| Централияб библиотека | 10 | 1 |
| ТИК | 1 | - |
| МелъелтIа гьоркьохъеб школа | 18 | 4 |
| МелъелтIа аслияб школа | - | 17 |
| Финансазул управление | 6 | - |
| ДРялъул МФЦялъул филиал | 10 | - |
| Казначействоялъул отделение | 6 | - |
| Суд | 4 | - |
| УСЗН | 10 | - |
| ЦСОН | 28 | 1 |
| ЗАГСалъул отдел | 1 | - |
| ЦIаналъ аслияб школа | 15 | - |
| Росдал магIишаталъул отдел | 3 | - |
| ОПФР | - | 9 |
| Почалъул отделение | - | 4 |
| Полициялъул отдел | - | 50 |
| Редакция | 14 | 1 |
| Централияб больница | - | 1 |
| ЦСУ | 1 | - |
| Архив | 1 | - |
| Прокуратура | 2 | - |
| МелъелтIа АСП | | 5 |
| ГIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул центр | - | - |
| Лъималазул ах | - | - |
| ГIолилазул центр | - | - |
| Поликлиника | - | - |
| ДЮСШ | - | - |
| Пожарнияб часть | - | - |
| «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАО | - | - |
| Централизованнияб бухгалтерия | - | - |
| Искусствоялъул школа | 5 | - |
| Мировияб суд | - | - |

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# ГIахъушир щварал шапакъатал

## Бакълъулазул районалдаса лъабго гугарухъанас призовиял бакIал ккуна

**ГIахъуша районалъул ГIахъуша росулъ тIобитIана Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло, 2004 ва хадусел соназ гьарурал гугарухъабазда гьоркьор зоналиял къецал. Бакълъулазул ва-саз батIи-батIиял цIайиязда лъабго призовияб бакI ккуна гьениб.**



ЧIиркъатIа ДЮСШялъул гугарухъан АхIмад МухIамадовасе (тренер ГIабдула ГIабдуразакъов) лъабабилеб бакI щвана, ХIусен МахIмудов абуни къецазул чемпионлъун вахъана. МелъелтIа ДЮСШялъул гугарухъан СагIидбег МухIамадов (тренер Шамил Халидов) вахъана мазгарул призерлъун.

Гьел лъабалго рорчIана Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло финалалде.

**«Гумбет» РИО**

ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# 9389 хъулухъ тIубазабуна

## 374 батIияб пачалихъияб ва муниципалияб санагIалъи гьабула гIадамазе



**Дагъистаналъул МФЦ-ялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовасулгун гара-чIвари гьабуна «Гумбет» газеталъул хIалтIухъаналъ.**

**-ГIумар, араб соналда МФЦялъ кигIан къадар гIадамазул хъулухъазул тIубараб?**

- «Дир документал» филиалалда гIуцIун буго кинабниги 374 пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ. Гьездасан федералияб 47, республикаялъулаб 144, муниципалияб 75 хъулухъ. Гьединго гьезда хурхинчIел нижеца тIурала 108 хъулухъги. ЦIикIкIунел руго хъулухъ тIубазе гIарзабигун рачIунел гIадамазул къадарги. ГIадамазул 95 проценталдаса цIикIкIараб къадар рази руго нижер хIалтIудаса. Гьедин, пачалихъиял хъулухъазул качествоялъул мониторинг гьабулев информационниябгун аналитическияб системаялда жаниб нижер хIалтIиялъе лъикIаб къимат къуразул къадар цIикIкIун буго.

2018 соналда филиалалъ районалъул гIадамазул тIубан буго 9389 хъулухъ. Гьелдасан ракьалъул буголъиялда хурхараб-982, цIияб паспорт боси, гьеб хиси, прописка гьаби-991, росреестралъул-790, захIматалъул ва социалияб рахъ цебетIезабиялъул министерствоялъул-776, кадастровияб палатаялъул-980, муниципалиял хъулухъал-740, пенсионнияб фондалъул-1391, лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул-95, федералияб налоговияб хъулухъалъул-72, росдал магIишаталъул министерствоялъул-35, медицинаялъул страховиял полисал кьей-217. БатIи-батIиял идарабазул справкаби кьун руго 1286. Электроннияб къагIидаялда тIубан буго кинабниги 1952 хъулухъ.

**- Щиб дуца абилеб «Гумбет» газета гьоркьоб ккун районалъул гIадамазде?**

- Дир мурад буго нижер хIалтIудаса гIадамал рази рукIин. Нагагь нижехъа араб гьалатI, бичIчIичIеб суал бугониги дида лъазабе. Филиалалъул хIалтIухъаби хIадурал руго нужер гIарза бихьизабураб болжалалда тIубазе. Гьединго цебего рагьараб бугониги цо-цо гIадамазда лъачIого букIинеги бегьула «Дир документал» централъ тIуразарулел хъулухъал. Гьединлъидал бокьилаан гьел хъулухъазул хIакъалъулъ рокьоб ва мадугьалихъ бицине.

**ГIайшат Исламбиева**

ВОПРОСЫ ОБРАЗОВАНИЯ

# Школьники Гумбетовского района приняли участие в итоговом собеседовании по русскому языку

**13 февраля 2019 года, в школах Гумбетовского района провели итоговое собеседование по русскому языку для учащихся 9 классов, в котором приняли участие 162 выпускника района.**

В рамках собеседования школьники выполнили четыре задания: чтение текста вслух, его пересказ, монологическое высказывание по одной из выбранных тем и диалог с экзаменатором. На выполнение работы каждому участнику было дано в среднем 15 минут. Результатом итогового собеседования будет являться зачет или незачет.



Итоговое собеседование для выпускников девятых классов с этого учебного года введено как обязательное и проводится в рамках реализации Концепции преподавания русского языка и литературы для проверки навыков устной речи у школьников. Мероприятие прошло под руководством специалиста-эксперта Управления надзора и контроля в сфере образования при Министерстве науки и образования РД Любовь Черкашиной.

«В итоговом собеседовании по русскому языку приняли участие 162 выпускника Гумбетовского района. Один ученик не смог явиться по уважительной причине. Положительные результаты собеседования являются условием для допуска к государственной итоговой аттестации», - сообщил начальник отдела образования, физической культуры и спорта администрации района Рамазан Магомедов.

**РИО «Гумбет»**

# Подполковника полиции Салиха Гаджиева восстановили на службе

## Решение о восстановлении Салиха Гаджиева на службе не исполнялось почти четыре года

**«Коммерсантъ» от 06.02.2019, 12:52**

**Как стало известно “Ъ”, вмешательство всех ветвей судебной власти России, Госдумы, прокуратуры и центрального аппарата МВД потребовалось для того, чтобы восстановить на службе подполковника дагестанской полиции Салиха Гаджиева.**



Начальника ОМВД по Гумбетовскому району Дагестана Салиха Гаджиева уволили по приказу главы МВД республики Абдурашида Магомедова еще в апреле 2015 года.

После конфликта подполковника Гаджиева с руководством министерства в ОМВД была проведена проверка, в ходе которой ревизоры сочли, что он использовал для поступления на работу еще в милицию в 1997 году фальшивый диплом об окончании Махачкалинского сельскохозяйственного техникума (впоследствии офицер окончил Ростовский юридический институт МВД).

Подполковник Гаджиев в августе того же года обжаловал свое увольнение в Советском райсуде. Суд признал, что офицер действительно учился в техникуме, а его вины в том, что ему был выдан диплом неустановленного образца, нет.

Приказ о его увольнении в связи с предоставлением подложных документов или заведомо ложных сведений при поступлении на службу в органы внутренних дел был признан незаконным.

Подполковник в соответствии с судебным решением должен быть восстановлен на службе, кроме того, в его пользу взыскали зарплату.

Однако вступившее в законную силу решение суда не было исполнено.

Подполковник дошел до Верховного суда, взыскав с МВД республики различные компенсации на сумму более 3 млн рублей, однако на работу в полицию его все равно не вернули.

Не помогло ему и вмешательство центрального аппарата МВД.

В итоге он обратился к депутату Госдумы, а тот — в прокуратуру республики.

На днях подполковника Гаджиева вернули в министерство республики.

За время работы в полиции офицер Гаджиев был награжден различными медалями, а также именными часами от Владимира Путина.

**Николай Сергеев**

ЭБЕЛАЛЪУЛ ХIАТIАКЬ БУГИЛА АЛЖАН

# Тарбия кьеялъул масъалаби рорхана

## Бакълъулазул районалъул Руччабазул Советалъул нухмалъулей гIахьаллъана республикаялъулаб конференциялда

**МахIачхъала шагьаралъул администрациялъул актовияб залалда тIобитIана «Дагъистаналъул руччабазул Союз» ДРООялъул конференция ва гьенир гIахьаллъана республикаялъул 52 муниципалитеталъул руччабазул Советазул председателал.**



Конференциялда гIахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул руччабазул цолъиялъул председатель Загьра ГIабдулаевалъ. Тадбир рагьана ДРялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул рахъалъ министр Татьяна Гамалейица. Данделъиялда гьоркьоб лъураб аслияб суалалда тIасан доклад гьабуна ва Дагъистаналъул руччабазул Союзалъ 2018 соналъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна, цIияб соналъ церечIарал масъалабазул бицана республикаялъул руччабазул цолъиялъул председатель Интизар Мамутаевалъ.

Данделъиялда руччабаз дандрана нилъер жамгIияталъул рухIиялгун лъикIаб гIамалхасияталъул тарбия кьеялъул кьучIал щула гьариялда, маданиял ва хъизаналъулал гIадатал, гьединго эбеллъи ва лъимерлъи цIуниялъул, лъималазе тарбия кьеялъул, гIолохъанал хъизабазе тарбия кьеялъул институтал гIуцIиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.

Хасаб кIвар кьуна социалияб бутIаялда миллиял проекталь хIалтIизари цебетIезабизе ккеялде.

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

# Студентазда гьоркьоб – дагIват ва гIолилазул сиясат

## Медицинаялъул колледжалда студентазулгун дандчIвай тIобитIана

**Бакълъулазул гIолилазул централъул нухмалъулесул заместитель МухIамад Макашариповас ва «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул сопредседатель ГIабдула Юсуповас дандчIвай гIуцIана МахIачхъалаялъул медицинаялъул колледжалда (Башларовасул цIаралда бугеб) цIалулел Гумбеталдаса студентазулгун.**



ДандчIваялда гьединго гIахьаллъана МахIачхъалаялъул централияб джумамажгиталъул имамасул заместитель МухIамад Къурбандибиров, квер журарал рагъазул UFCалъул речIчIухъан Игьалиса Халид МуртазагIалиев, Башлароваcул цIаралда бугеб медколледжалъул Хасавюрталда бугеб филиалалъул мугIалим МухIамадхIабиб Акаев ва ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб руччабазе лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъаби.

ДандчIвай рагьана ва бачана МухIамад Макашариповас. Саламалъулаб кIалъаялдаса хадуб гьес бицана гIолилазул централъ гьабураб ва гьабизе хIисабалде босараб хIалтIул. ВагIза-насихIаталъулаб кIалъай гьабуна МухIамад Къурбандибировас (Сивухъа). «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул хIаракатчилъиялда, мурадазда, масъалабазда тIадчIей гьабуна ГIабдула Юсуповас. Халид МуртазагIалиевас студентазулгун гара-чIвари гьабуна спорталъул хIакъалъулъ. Хадуб ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб руччабазе лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз ясал-студентазулгун батIаго данделъи ахIана.

**Гумбеталъул гIолилазул центр**

